ku am ñaari jabar daal di jeng ci kenn ki, dana ñëw ëllëg bis-pénc wetam gi jeng

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «ku am ñaari jabar daal di jeng ci kenn ki, dana ñëw ëllëg bis-pénc wetam gi jeng».

[Wér na] [رواه أبو داود والترمذي والنسائي وابن ماجه وأحمد]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne ku am lu ëpp benn soxna, te maanduwul ci seen diggante kem kàttanam, ci yemale seen diggante ci dundal ak dëkkal ak koddaay ak fanaan ga, ci ne mbugalam ëllëg bis-pénc mooy xaaju yaramam daal di jeng, jeng gi mbugal la ci tooñam gi, kem ni mu jenge ci jëflanteem gi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/58125